

Nama :

Kelas :



NGENALI JINISE WAYANG

Pasangke jinise wayang kanthi definisi sing bener!
(Pasangkan jenis wayang dengan definisi yang benar!)



wayang kang digambar ing kertas
bentuké lembaran, kanggo dakwahe
para wali



wayang kang diparagakake dening
manungsa



wayang kang kagawe saka kayu awujud
boneka



wayang kang kagawe saka kulit kewan
kaya sapi utawa kebo



wayang kang kagawe saka kayu

Gladhen

Jawab pitakonan ing ngisor kanthi maca cerita iki!

PENERUS SEJATINE RAHWANA

Wibisana kaget samungkure ngerti Dewi Tari nglairake bayi wadon kang ayu banget rupane. Ngrasa ana kahanan nggegirisi kang dumadi ing tembe mburi marang nasibe si bayi. Wibisane njaluk idi palilah marang Dewi Tari.

Sawise pikantuk idi palilah, bayi wadon kuwi banjur dilebokake peti lan banjur dilarung menyang kali Gangga.

Sawise nglarung bayi wadon, Wibisana ngadeg jejeg ing satengahe alun-alun Alengka. Wibisana katon ngrapal mantra sadurunge njemparingake panah saktine menyang angkasa.

Dumadanan ana mega kang ceblok ana ing ngarepe. Mega mau banjur dipondhong lan diaturake menyang kakange, Rahwana.

Mesthi wae Rahwana bingung lan takon marang Wibisana.

“Sapa iki adhi?” takone Rahwana.

“Iki putramu kang lair saka garbane Dewi Tari, kakang,” wangsulane Wibisane.

Mesthi wae Rahwana nesu banget. Rahwana rumangsa ora trima duwe putra kang wujud mung kaya mega.

Saking nesune mega kang diakokne putrane mau banjur dibanting lan diidak-idak. Anahe mega kang diidak-idak Rahwana iku malih rupa dadi raseksa dhiwasa kang gagah pideksa.

PITAKONAN

Crita ing nduwur ngandharake apa?

Sapa wae paraga sing ana ing crita kuwi?

Kepiye karakter atau watak Rahwana?

Jelaske latar wektu, swasana, lan papan sing ana ing crita kasebut!
